ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№149 (23.307) ● 2016 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий Пащты-Хъан Алим «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ художник» цIэр зэрыфIащамкIэ ехъуэхъуащ

КIуэкIуэ Ю. А. дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щахуэзащ ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и член-корреспондент Пащты Германрэ абы и къуэ, график, сурэтыщI цIэрыIуэ Пащты-Хъан Алимрэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ художникхэм я лэжьыгъэ нэхъ цIэрыIуэхэм. Абыхэм ящыщщ дуней псом щынэхъ лъагэ дыдэ фарфор вазэр, Тюрингием (Германие) щагъэувар.

Художникхэм ижьрейуэ езыхэм хьадагъэкIа я лэжьыгъэхэр зэрыт тхыпъыкIэ Лермонтов М. Ю. Пятигорск дэт и музейр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу ягъэхьазыра каталогымрэ республикэм и Iэтащхьэм тыгъэ хуащIащ. Налшык и иджыпей теплъэм и гугъу щащIым абыхэм къыхагъэщащ Къэбэрдей уэрамым щыщ Iыхьэу лъэс зекIуапIэ ящIыжыр гъэщIэрэщIэным хэтыну зэрыхуагъэлъэгъуам егупсысауэ зэрыбгъэдыхьэнур.

КIуэкIуэ Юрий Пащты-Хъан Алим «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ художник» цIэр зэрыфIащамкIэ екъуэхъури, абы наградэ лъапIэр иритыжащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

ЛыгъэУ зэрахьам къыпэкIуэу

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я лъэIукIэ, «Гу къабзэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и зэщIэзыгъэуIуэ советым унафэ къищтащ «Къалмыкъ Юрий къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу» медалыр Къанло Мухьэдинрэ Жамбэч Замиррэ иратыну.

А ЩIалэхэращ ди къэралым и щыхьэр Мэкъуу пэгъунэгъу щыIэ Реутовэ къалэм дэт псэупIэ унэхэм ящыщ зым мы гъэм и накъыгъэ маззм и 13-м къыщыхъуа мафIэсым хиубыдауэ щыта щIалэ цIыкIур къезыгъэлар.

Зи гугъу тщIы медалыр 2013 гъэм дунейм къытехьащ. Ар ягъэуващ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къызэгъэпэщакIуэ, УФ-м юстицэмкIэ и министру илъэс зыбжанэкIэ лэжьа Къалмыкъ Юрий и фэеплъу.

ЛыхъужьыгъэмрэЛыхъужьыгъэ зезыхьэхэм, псапащIэхэм, цIыхухэм щIэныгъэ ябгъэдэзыIэлъхьэхэм ират хабзэ медалыр зыхуагъэфэщауэ щытахэм ящыщщ Соснаалы СулътIан (дунейм зэрехьжауэ), Крашенинников Павел, Къажэр Альберт (дунейм зэрехьжауэ), Хъурей Феликс, Булэт Арсен сымэ, нэгъуэщIхэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтыр **тезыхар Толгуров Камалщ**.

●**1777 гъэм** Лондон дунейм щыяпэу иджыпей цирк къыщыдзэIуахащ.

●**1836 гъэм** Москва и Кремлым и пщIантIэм щагъэуващ Пащтыхь-Тхьэгъуш жыхуаIэр. Щагъэжа щIыпIэм деж илъэсищэм нэблагъэкIэ щыIащ ар, тонн щитIым нэблагъэ и хьэлъагъи къахуэмыгъэхьейуэ. Архитектор Монферран Огюст ар къэпIэту бгъэIэпхъуэ зэрыхьуну Iэмалыр къигупсысри, щыщхьэуIум и 4-м тхьэгъуэшыр трагъэувауэ щытащ абы хуагъэхьэзыра лъагапIэм.

●**1888 гъэм** Томск къалэм университет къыщыдзэIуахащ.

●**1902 гъэм** къызэIуахащ Темзэ псы щIагъым щаукъуэдия лъэс зекIуапIэр. Абы зэпищIат Лондон и хьэблитI.

●Америкэм щыщ джаз музыкант, композитор цIэрыIуэ **Армстронг Луи** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

●Совет композитор, дзэ оркестрымрэ хорымрэ я дирижёру щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и цIыхубэ артист, Лениным, Сталиным я щIыхькIэ щыIа саугъэтхэр зрата, генерал-майор **Александров Борис** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

●ЩIэныгъэлI, абхъаз-адыгэ бзэ гупыр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыща, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Куржымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Рогавэ Георгий** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

●Уэрэджыкъуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Шыкъ Михаил** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

●Палестинэм и унафэщIу щыта **Арафат Ясир** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

●Урысей къэрал къулыкъущIэ, Дагъыстэн Республикэм и Iэтащхьэ **Абдулатипов Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

●Биологие щIэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор **IэкIатэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

●США-м и президент, Нобель и саугъэтым и лауреат **Обамэ Барак** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

●Кхъухьлъатэзехуэ, Урысейм и ЛIыхъужь **Цей Эдуард** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэрэ техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 20 - 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ IуащIэ:

Гъусэ бзаджэ мысэ уещI.

Бадзэуэгъуэм и 27 - щыщхьэуIум и 2 махуэхэм Израилым щыIэ адыгэ къуажэ Кфар-Камэ щекIуэкIащ Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалыр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ къабгъэдэкIыу абы хэтащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблымрэ «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупымрэ.

Хэхэс адыгэхэм нэмыщI, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэри яхэту цIыху минитхум нэблагъэ щIэсу щэбэт кIуам екIуэкIащ концертыр. «Кабардинкэмрэ» «Ислъэмеймрэ» ягъэбжьыфIа утыкум итащ Iэпщэ Рустам игъасэ «Типсэ» къэфакIуэ цIыкIухэм я гуп нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмри.

КъБР-м, АР-м икI сэлам гуапэр хэхэсхэм ирахыжу, лъэпкъ зэхэщIыкIым нэхъ зиужьын папщIэ гуфIэгъуэ зэхьихьэшхуэм иIэ мыхьэнэр къыхагъэщу къэпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Битокъу Владимир, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин сымэ. ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Кфар-Камэ къуажэ администрацэм и унафэщI Нэпсо Нихьэт.

Фестивалыр зэрекIуэкIам, ар къызэзыгъэпэщахэмрэ еплъахэм я гурыщIэхэмрэ щхьэхуэу датетхыхьыжьынущ. Абы къищынэмыщIауэ, Израилым адыгэхэр щыпсэу и къуажэ цIыкIуитIым - Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ - щытлъэгъуахэр фхуэтIуэтэжынущи, фыкIэлъыплъ «Адыгэ псалъэм» и къыдэкIыгъуэхэм.

Тхыгъэри сурэтхэри **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ** *ейщ.*

Битокъу Владимир къопсалъэ.

«Налмэс» ансамблыр.

«Кабардинкэ» академическэ къэфакIуэ ансамблыр утыкум итщ.

● Лъэпкъ Iуэху

Адыгэ щэнхабзэм и махуэхэхэр - Израилым

Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ зыхуэплъэ къалэнхэр гъэзащIа зэрыхъумрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэмрэ кIэлъыплъынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №232-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ зыхуэплъэ къалэнхэр гъэзащIа зэрыхъумрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэмрэ кIэлъыплъынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ советым, «Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ зыхуэплъэ къалэнхэр гъэзащIа зэрыхъумрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэмрэ кIэлъыплъынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ советым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №232-УГ-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Тараев И. В - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(эзгурыIуауэ)*

ТекIушэ А. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(эзгурыIуауэ)*

Хьэсанэ И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрыр

Ерыстау Л. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъкумрэ я IэхухэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр;

б) Шагин С. И. и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын: «Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(эзгурыIуауэ)*»;

в) Советым къыхэгъэкIыжьын Ахъуэхъу Къ. М., Бышэн А. А., Кладько И. Е., Кислицын А. М., Шэт И. М. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м
№86-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм теухуа Положенэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м
Налшык къалэ №131-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м къыдигъэкIа унафэ №142-ПП-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи 5.23-1-нэ, 5.23-2-нэ пункт къуэдзэхэр дэщIыгъуэжьын мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу иту:

«5.23-1) IэщIагъэм хэгъэхъуэнымкIэ программэхэм тету медицинэм и лэжьакIуэхэр егъэджэныр къызэгъэпэщынымкIэ, апхуэдэу медицинэ Iэмэпсымэхэр къэщэхунымрэ ахэр зэгъэпэщыжьынымкIэ лэжьыпхъэхэм я планым хагъэхьэн папщIэ медицинэ Iуэхущ Iапl эхэр къызэрыхах щIыкIэр къещтэ;

5.23.-2) IэщIагъэм хэгъэхъуэнымкIэ программэхэм тету медицинэм и лэжьакIуэхэр егъэджэныр къызэгъэпэщынымкIэ, апхуэдэу медицинэ Iэмэпсымэхэр къэщэхунымрэ ахэр зэгъэпэщыжьынымкIэ лэжьыпхъэхэм я планыр къещтэ;».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий

Лэжьыгъэр зэпыуркъым

«Налшык и консерв завод» ООО-р и гуащIэгъуэу йолэжь езым къигъэкIыжа джэш щхъуантIэм, помидорым, нащэм.

Iуэхущ Iапl эм иIыгъщ щIы гектар 300. Хадзэкlэм къадэкIуэу хасэ икIи щIэупщIэ яIэу мы зэманым ящэ фIэIугъэхэм халъхьэ удз зэмылIэужьыгъуэхэри.

Заводым къыщIигъэкIэм ящыщу нэхъыфIэм хабжэ нащэ-помидор зэхэлъыр, къэбыстэ фIэIур, щхъуантIагъэхэр куэду зыхэлъ помидорыр, пхъы, жэгундэ хьэжаxэр. Ахэр ирегъашэ Урысейм и щIыпIэ куэдым: Москва, Санкт-Петербург, Волгоград, ЮФО-м и щIыналъэхэм. Псом ящхьэраци, мыбы и Iэщ Iагъэлъ Iэр гъэ псом зэлэжьын яIэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гъэмахуэ гукъинэж

Сабийхэм я нэгу зрагъэужь

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм сыт щыгъуи я нэIэ тетщ я къалэн ягъэзащIэу хэкIуэда я ныбжьэгъухэм я сабийхэм. Мы зэм абыхэм къызэрагъэпэщащ Налшык мы махуэхэм щылэжьа циркым ныбжьыщIэхэр кIуэныр.

«АНШЛАГ» циркым и унафэщI Салютин Юрий пщIэншэу билети 120-рэ къариатащ цIыкIухэм. Ялэу циркым щыIащ Iуащхьэмахуэ, Шэрэдж, Шэджэм, Аруан районхэм къикIа сабийхэр. Абыхэм гъэщIэгъуэн икIи гукъинэж ящыхъуащ ялъэгъуа псори. НыбжьыщIэхэм фIыщIэ хуащI дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIа, Iуэхур хахуэзэзыгъэпэщахэм, циркым и артистхэм.

БАХЪСЭН Ланэ.

«ХьэтIохъущыкъуейм» щаIутIыжщ

Бахъсэн щIыналъэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и «ХьэтIохъущыкъуей» гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэм щыIэ сабий 200-м папщIэ концерт гукъинэжкэр, зэпеуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр ирагъэкIуэкIащ.

ЛАГЕРЫМ зыщызыгъэпсэхухэм махуэшхуэр къыхуэзрагъэпэщащ Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэм и апэ къуэдзэ Къэнэмэт Рустам, Бахъсэн МВД-м и ПДН МО-м и унафэщI ЗекIуэрей Iэлиас, район администрацэм щэнхабзэмкIэ, балигъ мыхъуахэм я нэIэ тетынымкIэ и кIудамэхэм, щIалэгъуалэ центрым я Iэщ Iагъэлъ Iэм, ныбжьыщIэхэм я Iуэхухэмкlэ къэпщытакIуэ гупым хэтхэм.

Сабийхэм я нэгу зрагъэужьащ щIыналъэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гупхэм. ЩIалэгъуалэ центрым и Iэщ Iагъэлъ Iэм зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщащ.

Бахъсэн районым щыщу унагъуэ хуэмыщIахэм, бынунагъуэшхуэхэм къахэкIауэ сабий 400-м лагерым зыщагъэпсэхуащ. Къэнэмэт Рустам зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ сабийуэ 200-м иджыри абы я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэнущ.

Пшыхьым и кIэухым хьэщIэхэм сабийхэм саугъэтхэр хуагъэшащ.

АБАЗЭ Лерэ.

ЛІэщыгъуэ кІуам и етІуанэ Іыхьэм республикэм и мэкъумэш Іэнатіэр Іэкіуэлъакіуэу зезыхьа, абы зегъэужьыным зи гущІэшхуэ хэзылъхьа унафэщІ щІэрыІуэхэу Евтушенкэ Николай. Къардэн Барэсбий, Щомахуэ Юрий, Маммеев Хьэрун, нэгъуэщІхэми я цІэр пщІэшхуэ хуэтщІу нобэ къыдоІуэ. Ахэр муниципальнэ щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ щыпсэухэр зэрыгушхуэ цІыхухэщ, республикэм и дышэ фондщ. Апхуэдэхэр къызыхуигъэщІыр Іуэху зехьэныгъ. Зи гугъу тщІыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, абы и щІыбкІи фІыуэ къыщацІыху, илъэс хыщІым щІигъуэу лэжьыигъэшхуэ къезыхьэлІэ Хьэжу Анатолэ Ахьмэд и къуэр.

ЗИ Іуэхущафэкіэ, зи зэфІэкІкІэ къыщыхъуа щыпІэмрэ республикэмрэ я цІэфІ жезыгъэІа, унафэщІ кІалэнхэмрэ жылагъуэ лэжьыигъэмрэ зэпэщу езыхьэкІа цІыхум кІынкІуа гъуэгу бгъуфІэр Анатолэ и ГъащІэм Іупщіу хыболъагъуэ.

Хьэжу Анатолэ Терекскэ (Болэтэй) кІуаужэм 1934 гъэм шыщхьэуІум и 4-м къыщалъхуащ. А зэманым халъхуа сабийжэми хуэдэу, зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэм и ИІ, ЗЗ, ЗЗ псори абы игъэващ. И анэр дунейм щехьжам илъэсиплІ ирикъуатэкъым. ЗыпІыжа и анэшхуэм дилъэгъуэ хуабагъэмрэ нэхугъэмрэ зэи щыгъупщэркъым, а Іэфіагъ псори, фІыгъуэ пэлъытгъу, хуэсакъыу и псэм щегъафІэ.

Дапщэщи иригушхуэу Хьэжум и гум къегъэкІыж абы щыгъуэ и Іуажэгъэхуэм ядилъэгъуэ жумартыгъэмрэ гущІэгъулыгъэмрэ. ЦІыхухэм яку гужьгъэжь дэлътэкъым, псоми я гупсысэр зыхуэгъэзар къатепсыа гузэвэгъуэ иным зэгъусэу зэрыпэщІэтынырт.

- Анатолэ зэрысабийрэ и ныбжьэгъу цІыкІухэм я пашэт. Зэманым пасэу псэкІэ балигъ дэхъуати, Іузку щІэным хунэсырт: хадэм илэжьыхьырт, мэлрэ шырэ игъэхъурт, унагъуэ Іэщымрэ джэдкъазымрэ зэрихьэрт. Апхуэдэурэ, иджыри сабийуэ, лэжьыигъэм дихьэхащ, кІуачэдэсхэм я гуащІэм и Іэфіыр зыхищІащ. Едэжным зэрыхуэнэжъуеиншэмкІэ и ныбжьэгъуэхэм кІахэщыпт, - игу къегъэкІыж и классэгъуэ, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор Хьаний Мирон.

Анатолэ Терекскэ кІуажэ курыт еджапІэм, иужькІэ республикэ школ-интернатым щеджащ, зэрыщІыкІырэ литературэм дихьэхырти, КъБКъУ-м и филологие факультетым щІэтІысхьащ. Кіуиха нэужь я жылэм игъэзэжри, щыгтхъу иІэу, дихьэхыу, урысыбзэмрэ литературэмрэ сабийхэм яригъэджащ, завучу лэжьащ. Апхуэдэу екІуэкІыурэ, и зэфІэкІкІыр кІалъытэри, комсомолым и Тэрч райкомым и секретару яшэ, кІыкІэлъыкІуэу партым и район комитетым кІыхьэгъэщІыныгъэ лэжьыигъэмкІэ и къудамэм и унафэщІу ягъакІуэ.

1972 гъэм зр тогушхуэ и ГъащІэ псор фІэкІыпІэнщэу зытриухуа Іуэхум. «Заря коммунизма» колхозым и тхьэмадэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, районми, республикэми пщІэшхуэ щызиІэ Хьаний Пётр и узынщагъэм кІимытІэсэжу и Іэнатіэм щыІуакІым, Хьэжу Анатолэ а кІулыкъум пэрохь. Хозяйствэр щытыкІэ гугъум итт, Іуэхум зихъуэжьи щхьэкІэ, хэкІыпІэщІэхэр къэгъуэтын хуейт. Икіи, колхозэхэтхэм я дзыхьыр игъэпэжу, илъэс 17-кІэ - 1989 гъэ пщІондэ - а лэжьыигъэр зэпэщу ирихьэкІащ.

Колхоз тхьэмадэм кІыхиха Іэщ ІагъэлІэкІэр, зэщІигъэІуІуа и дарэгъуэхэр я кІалэнхэм зэпэзынэу пэлъэщырт. Егупсысауэ, зэуІуу, ялэ игъэщыпхъэхэр зэпилъытауэ Іэнатіэхэр зэриунэтІым фІы къыдэкІуэрт. Гъэхуауэ лэжьэн щхьэкІэ, Іэщ ІагъэлІхэм, Іэщ Іыхьуэхэм, гъэвэгъэкІхэм, ядэІэпыкъу школакІуэхэм щытыкІэфІ кІахуэзригъэпэщыт. Я ехьуІэныгъэхэм колхозхэтхэр нэрылъагъуу тригъэгушхуэрт, зэкъуигъэувэрт. Зыхуэзыгъаззэхэр Хьэжум игъэщІэхъуртэкъым, зэрыхьыкІэ защІигъакъуэрт, я унагъуэ Іуэхухэр яхудигъэкІырт.

Зэрыжьджэрым, зэрыжьжьаплъэм, цІыху хэтыкІэ зэрищІэм ифІ куэд ткъекІыжырт. КъищынэмыщІауэ, ВАСХНИЛ-м зэрыдэлажьэм, «Мэкъумэш техникэ» республикэ зэгъуэныгъэм автомашинэкІэ, мэкъумэш техникэкІэ зэпымыууэ кІыхьэрызригъэпэщым, трактorхэмрэ машинэхэмрэ щагъэунэху Новокубань щІэныгъэкъэхутакІуэ институтым пщІэныгъэфІ зэрыхуиІэм Іуэхур дигъэкІырт. Ахэр я лъабжьэу Іэмал гъэунэхуахэмрэ бэвагъым хэзыгъахъуэ хэкІыпІэхэмрэ тегушхуауэ къигъэсэбэпырт.

● ДифІ догъэлъапІэ

Унафэщі нэс, цІыху гъуэзэджэ

Гъавэрэ Іэщхэкірэ къэлэжьыныжкІэ а лъэхъэнэм хозяйствэм ехъулІэныгъэфІ зыІэригъэхьащ, Бэракъ ПІлъыжь зэІэпахэр къыхуагъэсащ. Колхозхэтхэм, псом япэу, нартыхуэгъэкІхэм ящыщ куэд ВДНХ-м хэтащ, дыжьын, жэз медалхэр къыщахьащ. Апхуэдэу я лэжьакІуэ пщІы бжыгъэхэм къэрал дамыгъэ лъапІэхэр къызэрыхуагъэфощам Анатолэ и фІыщІэныгъэ хэлъщ. Абыхэм ящыщ куэдым орденхэмрэ медалхэмрэ къратащ, Дадэ Хэмытіэ Социалист Лэжьыгъэ и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр къыфІащащ.

Іэщ псэуалъэщІэхэр иухуащ, Іэпщэ лэжьыгъэ техникэ Іэмалым хуигъэкІуащ. Хэхъуэфі къахуэзэхъ жыг хадэ зэриГъэтІысар къуажэм дежкІэ Іуэху щхьэпэт. Псы гуэщыпІэ бжьамийхэр уэрамхэм еужьэрэкІыу щаукъуэдийрт. Псыр здэкІуэ хьэсэхэм къыхагъахъэурт, ар зэрыщІагъэхьэ Іэмэпсымэхэр ирагъафІакІуэрт. Хьэжур хэлІыфІыхьурэ, Терекскэ къуажэм и теплъэр, и псэуалъэхэр илъэс кІэс къагъэщІэращІэрт, сабий гъэсапІэ, спорт джэгуПІэхэр, социальнэ щэнхабзэ Іуэхущапіэхэр яухуэрт, курыт еджапІэм зрагъэубгъурт, жылэм дэлъ хабзэхэр яхъумэрт, абыхэм зрагъэужьырт. И къалэн нэхъыщхьэм къыдэкІуэу, къуажэдэсхэм яГуэрт Іуэхутхьбзэхэр зыхуэдэм, абыхэм я зыгъэпсэугъэр нэгъэІуэкІыу къызэгъэпэщыным, щхьэхуэ зиІэ шыпсэ зрагъэпсэугъэр щыпсэхьэм къыхэщыпт, - игу къегъэкІыж и классэгъуэ, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор Хьаний Мирон.

Анатолэ Терекскэ кІуажэ курыт еджапІэм, ижькІэ республикэ школ-интернатым щеджащ, зэрыщІыкІырэ литературэм дихьэхырти, КъБКъУ-м и филологие факультетым щІэтІысхьащ. Кіуиха нэужь я жылэм игъэзэжри, щыгтхъу иІэу, дихьэхыу, урысыбзэмрэ литературэмрэ сабийхэм яригъэджащ, завучу лэжьащ. Апхуэдэу екІуэкІыурэ, и зэфІэкІкІыр кІалъытэри, комсомолым и Тэрч райкомым и секретару яшэ, кІыкІэлъыкІуэу партым и район комитетым кІыхьэгъэщІыныгъэ лэжьыигъэмкІэ и къудамэм и унафэщІу ягъакІуэ.

1972 гъэм зр тогушхуэ и ГъащІэ псор фІэкІыпІэнщэу зытриухуа Іуэхум. «Заря коммунизма» колхозым и тхьэмадэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, районми, республикэми пщІэшхуэ щызиІэ Хьаний Пётр и узынщагъэм кІимытІэсэжу и Іэнатіэм щыІуакІым, Хьэжу Анатолэ а кІулыкъум пэрохь. Хозяйствэр щытыкІэ гугъум итт, Іуэхум зихъуэжьи щхьэкІэ, хэкІыпІэщІэхэр къэгъуэтын хуейт. Икіи, колхозэхэтхэм я дзыхьыр игъэпэжу, илъэс 17-кІэ - 1989 гъэ пщІондэ - а лэжьыигъэр зэпэщу ирихьэкІащ.

Колхоз тхьэмадэм кІыхиха Іэщ ІагъэлІэкІэр, зэщІигъэІуІуа и дарэгъуэхэр я кІалэнхэм зэпэзынэу пэлъэщырт. Егупсысауэ, зэуІуу, ялэ игъэщыпхъэхэр зэпилъытауэ Іэнатіэхэр зэриунэтІым фІы къыдэкІуэрт. Гъэхуауэ лэжьэн щхьэкІэ, Іэщ ІагъэлІхэм, Іэщ Іыхьуэхэм, гъэвэгъэкІхэм, ядэІэпыкъу школакІуэхэм щытыкІэфІ кІахуэзригъэпэщыт. Я ехьуІэныгъэхэм колхозхэтхэр нэрылъагъуу тригъэгушхуэрт, зэкъуигъэувэрт. Зыхуэзыгъаззэхэр Хьэжум игъэщІэхъуртэкъым, зэрыхьыкІэ защІигъакъуэрт, я унагъуэ Іуэхухэр яхудигъэкІырт.

Зэрыжьджэрым, зэрыжьжьаплъэм, цІыху хэтыкІэ зэрищІэм ифІ куэд ткъекІыжырт. КъищынэмыщІауэ, ВАСХНИЛ-м зэрыдэлажьэм, «Мэкъумэш техникэ» республикэ зэгъуэныгъэм автомашинэкІэ, мэкъумэш техникэкІэ зэпымыууэ кІыхьэрызригъэпэщым, трактorхэмрэ машинэхэмрэ щагъэунэху Новокубань щІэныгъэкъэхутакІуэ институтым пщІэныгъэфІ зэрыхуиІэм Іуэхур дигъэкІырт. Ахэр я лъабжьэу Іэмал гъэунэхуахэмрэ бэвагъым хэзыгъахъуэ хэкІыпІэхэмрэ тегушхуауэ къигъэсэбэпырт.

цэр адрейхэм ефІэкІырт, къыщІэупщІэхэм я бжыгъэм илъэс къэс хэхъуэрт. ХадэхэкІхэр ягъэфІэІурт, балийімрэ хуэрэджэмрэ компот зэмылІэужьыгъуэхэр, «Мэзым и тыгъэхэм» - зэм, хьэмкІутІым, пыжьым, хьэщыбанэм, кхъужь щІыкІым, нэгъуэщІхэми - пхъэщхьэмыщІыхьэпэхэр къыхащІыкІырт. Фадэжкіэхэр ягъэхьэзырырт: «Джулат» калькьадосым, «Индрей», «Дея», «Къэбэрдей мэракІуапІэ» шагъырхэм, хъарбыз фо зыхэпь «Тэрч» бальзамым, нэгъуэщІхэми щІэупщІэшхуэ яІэт. ВитаминкІэ къулей я Іэдакъэщ Іэкіхэм я фІагъыр республикэм и мызакъуэу нэгъуэщІ щІыпІэхэми хэІущІыІу, щІихьэт.

Зигъэпсэхуну тІысыжа нэужьи, Анатолэ жылагъуэ организацэхэм я къудамэ зыбжанэ зэрихьащ, районымрэ республикэмрэ я ГъащІэм жыджэру хэтщ, и зэфІэкІыр щІалэгъуалэм ябгъэдилъхьэу гъэсэныгъэ лэжьыигъэшхуэ ящІыжьщІэхэм ядрегъэкІуэкІ.

И илъэс пщІейм ирихьэлІэу Хьэжум къыдигъэкІащ «Сыту щІыхуфІ куэд сщІыхурэт...» («Как много я людей хороших знал...») зысфицща и тхьапыр. НапэкІуэщІ 850-рэ хъу а тхьапЫэщхэм Ахьмэд и гукъэкІыжхэр, гъунэгъуу ицІыхуу щытахэм: и лэжьыгъуэхэм, зыдеджахэм, зыхуэзэахэм, шыгъупІастэ зыдишха хозяйствэ унафэщІ, тхакІуэ, сурэтыщІ, журналист, колхозхэт щІэрыІуэхэм, и Іыхьлыхэм, нэхъыжьыфІхэм, нэгъуэщІ куэдми я ГъащІэм теухуа гукъэнэжхэр щызэхэзыхьэсащ. Ар блэкІам и фэеплъэщ, щІэблэм зэІэпахыурэ, зэманымрэ ди къэкІуэнымрэ зэпищІэнущ.

Анатолэ зи гугъу ищІыр и щхьэкІэ игъэунэхуахэрщ, фІыуэ зыщыгъуазэхэрщ. Къэбгъэльэгъуэну ирикъунщ Мэлбахуэ Тимбор, Мамхэгъ зэшхэм, Ахьмэт Мусэбий, КІэрэф Къамболэт, Пэнагуэ Азэмэтджэрий сымэ, нэгъуэщІхэми ар гуапэу зэратетхьихьар. ТхьапЫэм напэкІуэщІ куэд щацхуихащ махуэ къэс зыхьуэззу, зэпсалъэу щыта и Іыхьлыхэмрэ и ныбжьэгъэхэмрэ. ИкъукІэ гуапэу топсэльыхь Сыкъуэ Хьэсэн, Иуан Пётр, Тхьэгъэзит Зубер, Къуэжей Іумэт, Къаръурмэс Борис, нэгъуэщІхэми.

ТхьапЫэм и зы Іыхьэ комсомол, пар къалэнхэр щрихьэкІа лъэхъэнэм, нэгъуэщІ Іыхьэшхуэр колхоз тхьэмадэу, ерыскъы комбинатым и унафэщІу щыпсэуа Іуэхущхьэ зэманым яхуихащ. ТхьапЫэр бзэ къабзэкІэ, тыншкІэ тхащ, щІэщыгъуэу икІи удихьэхыу укъоджэ. Сытхуэдиз зэфІэкІ уиІэн хуей, апхуэдэу гъэщІэгъуэну, щэрыуэу утхэн, Іэнатіэхэр гъэхуауэ зепхьэн, бунэтІын, зэфІэбгъэхьэн щхьэкІэ! Хьэжу Анатолэ гупыр зыгъэгуп, куэдым къыхуигъэщІа цІыху-сурэтыщІщ, цІыху-къызэгъэпэщакІуэщ, цІыху пэрытщ.

Зэман кІыхькІэ абы дэлэжьа, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Кануннуков Анатолэ зэрыжиІэмкІэ, Хьэжум ХъэлІыгъэ и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр къыфІащащ.

Іэщ псэуалъэщІэхэр иухуащ, Іэпщэ лэжьыгъэ техникэ Іэмалым хуигъэкІуащ. Хэхъуэфі къахуэзэхъ жыг хадэ зэриГъэтІысар къуажэм дежкІэ Іуэху щхьэпэт. Псы гуэщыпІэ бжьамийхэр уэрамхэм еужьэрэкІыу щаукъуэдийрт. Псыр здэкІуэ хьэсэхэм къыхагъахъэурт, ар зэрыщІагъэхьэ Іэмэпсымэхэр ирагъафІакІуэрт. Хьэжур хэлІыфІыхьурэ, Терекскэ къуажэм и теплъэр, и псэуалъэхэр илъэс кІэс къагъэщІэращІэрт, сабий гъэсапІэ, спорт джэгуПІэхэр, социальнэ щэнхабзэ Іуэхущапіэхэр яухуэрт, курыт еджапІэм зрагъэубгъурт, жылэм дэлъ хабзэхэр яхъумэрт, абыхэм зрагъэужьырт. И къалэн нэхъыщхьэм къыдэкІуэу, къуажэдэсхэм яГуэрт Іуэхутхьбзэхэр зыхуэдэм, абыхэм я зыгъэпсэугъэр нэгъэІуэкІыу къызэгъэпэщыным, щхьэхуэ зиІэ шыпсэ зрагъэпсэугъэр щыпсэхьэм къыхэщыпт, - игу къегъэкІыж и классэгъуэ, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор Хьаний Мирон.

Анатолэ Терекскэ кІуажэ курыт еджапІэм, ижькІэ республикэ школ-интернатым щеджащ, зэрыщІыкІырэ литературэм дихьэхырти, КъБКъУ-м и филологие факультетым щІэтІысхьащ. Кіуиха нэужь я жылэм игъэзэжри, щыгтхъу иІэу, дихьэхыу, урысыбзэмрэ литературэмрэ сабийхэм яригъэджащ, завучу лэжьащ. Апхуэдэу екІуэкІыурэ, и зэфІэкІкІыр кІалъытэри, комсомолым и Тэрч райкомым и секретару яшэ, кІыкІэлъыкІуэу партым и район комитетым кІыхьэгъэщІыныгъэ лэжьыигъэмкІэ и къудамэм и унафэщІу ягъакІуэ.

1972 гъэм зр тогушхуэ и ГъащІэ псор фІэкІыпІэнщэу зытриухуа Іуэхум. «Заря коммунизма» колхозым и тхьэмадэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, районми, республикэми пщІэшхуэ щызиІэ Хьаний Пётр и узынщагъэм кІимытІэсэжу и Іэнатіэм щыІуакІым, Хьэжу Анатолэ а кІулыкъум пэрохь. Хозяйствэр щытыкІэ гугъум итт, Іуэхум зихъуэжьи щхьэкІэ, хэкІыпІэщІэхэр къэгъуэтын хуейт. Икіи, колхозэхэтхэм я дзыхьыр игъэпэжу, илъэс 17-кІэ - 1989 гъэ пщІондэ - а лэжьыигъэр зэпэщу ирихьэкІащ.

Колхоз тхьэмадэм кІыхиха Іэщ ІагъэлІэкІэр, зэщІигъэІуІуа и дарэгъуэхэр я кІалэнхэм зэпэзынэу пэлъэщырт. Егупсысауэ, зэуІуу, ялэ игъэщыпхъэхэр зэпилъытауэ Іэнатіэхэр зэриунэтІым фІы къыдэкІуэрт. Гъэхуауэ лэжьэн щхьэкІэ, Іэщ ІагъэлІхэм, Іэщ Іыхьуэхэм, гъэвэгъэкІхэм, ядэІэпыкъу школакІуэхэм щытыкІэфІ кІахуэзригъэпэщыт. Я ехьуІэныгъэхэм колхозхэтхэр нэрылъагъуу тригъэгушхуэрт, зэкъуигъэувэрт. Зыхуэзыгъаззэхэр Хьэжум игъэщІэхъуртэкъым, зэрыхьыкІэ защІигъакъуэрт, я унагъуэ Іуэхухэр яхудигъэкІырт.

Зэрыжьджэрым, зэрыжьжьаплъэм, цІыху хэтыкІэ зэрищІэм ифІ куэд ткъекІыжырт. КъищынэмыщІауэ, ВАСХНИЛ-м зэрыдэлажьэм, «Мэкъумэш техникэ» республикэ зэгъуэныгъэм автомашинэкІэ, мэкъумэш техникэкІэ зэпымыууэ кІыхьэрызригъэпэщым, трактorхэмрэ машинэхэмрэ щагъэунэху Новокубань щІэныгъэкъэхутакІуэ институтым пщІэныгъэфІ зэрыхуиІэм Іуэхур дигъэкІырт. Ахэр я лъабжьэу Іэмал гъэунэхуахэмрэ бэвагъым хэзыгъахъуэ хэкІыпІэхэмрэ тегушхуауэ къигъэсэбэпырт.

циальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэр зэфІэхьныкІкІэ, пщэощхьэпохэр гъэмэщІэнымкІэ муниципальнэ Іэнатіэхэм сэбэпышхуэ яхуохъу, властымрэ жылагъуэмрэ зэрешалІэ. Советым и къалэн нэхъыщхьэр нэхъыжьхэм я щапхъэм щІэблэр щІэпІыкІынырщ, ар и лъабжьэу жылагъуэ зэпІэззэрытыныгъэр гъэбыдэнырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхъуэкІыныгъэфІхэр къыщохъу, ахэр дэтІыгъын хуейщ. Ди республикэр зыфІэлъапІэ псори дызэкъуэувэу корупцэмрэ террорымрэ зэуІуу дапэщІэтын, щІалэгъуалэр экстремизмэм щытхъумэн, мамыр ГъащІэмрэ лъэпкъхэм я зэгурыІуэныгъэмрэ дгъэбыдэн хуейщ. Нэхъыжьхэм я советым, ягъэщхьэрыуя ныбжьыщІэхэм я адэ-анэхэм, я Іыхьлыхэм, хабзэхъумэхэм, пщІэшхуэ зиІэ цІыхухэм абы и лъэныкъуэкІ куэд дыдэ яхуэзфІэкІынущ. Сыту жыІэмэ, щытыкІэр зыхуэдэм, унагъуэхэм я псэукІэм ахэр фІыуэ щыгъуазэщ, - жеІэ Анатолэ.

Илъэс куэдкІэ хьэлэлу зэрылэжьам хуэфащэ пщІэи ныпэкІуащ, ауэ а псом я нэхъ лъапІэр республикэм и цІыхухэм къыхуалэ лъытэныгъэ кІэнэгъэщІ!

ГъащІэм и дерс Іущхэр зи Іэпэгъу, цІыхупсэ къулеигъэр къызэбгэкІ, зи акъылыр, зи щІэныгъэр къэралымрэ бэмрэ я сэбэп зыхэлъхэм жыджэру хуэзыгъэлажьэ, ноби а хабзэ хьэлэмэтыр зи гъуазэ нэхъыжьыфІым и пщІэмрэ и нэмысымрэ ар зыцІыху псоми яфІэлъапІащ. Езым къызэрилъытэмкІэ, зыдэлпъеин и мащІэтэкъым. Мамхэгъ Шу, ХьэщІэлІ Мухьэмэд, Тэрчокъуэ Къамболэт, Евтушенкэ Николай, Уянаев Чомай, ШэджыхьащІэ Мухьэмэд, КІэрэф Къамболэт, ЩауэщІыкІу Залымджэрий, Фэнзий Исмел, КІэнщІалий Темболэт, Лыкъуэжь Хьэгуцырэ, Темрокъуэ Индырбий, Къуэдзокъуэ Пётр, Сэбаншы Розэ, Хьаний Пётр, Уэрсей Фаинэ сымэ, нэгъуэщІ цІыху цІэрыІуэхэми зэрадэлэжьам ину ирогушхуэ.

Ар къызэрыгэкІщ, псоми яхэгуапэщ, щытхъу лейм хуэхамэщ. Лэжьыигъэ Іуэхухэр зыкъуэкІ, я щхьэкІэ зыхуэзыгъаззэкІи чэнджэщ щхьэпэ яретІ. Зыщымысхьыжу, игурэ и псэри етауэ ирихьэкІа мэкъумэш Іэнатіэм кууэ зэрыхищІыкІым къыдэкІуэу, литературэми, гъуазджэми фІыуэ щыгъуазэщ, узыІэпэшэу топсэльыхь, музыкэм дехьэх, тхьилъ зэмылІэужьыгъуэ куэд йоджэ.

- Анатолэ гуакІуэгъэр къобэкІ, аращ цІыхухэр щІыхущІэзэблэкІыр. УнафэщІ Іэзэт, къызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъакіуэти, Іуэхур дэкІырт. Дэнэ щымылэжьами, сыт хуэдэ къулыкъу имыІыгъами, ерыщу, зыщымысхьыжу, жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу Іэнатіэр ирихьэкІырт. ЩІэм и лъыхъуакІуэт, и пхыгъэкІакІуэт, мурад гуэр ищІамэ, ар и кІэ нимыгъэсауэ етІысэхьнутэкъым. И щхьэр хуиГъэнкъуэнурэ, нэгъуэщІхэм защигъэжъуэнут. УнафэщІ нэсу къэгъуэгурыкІуащ, Іэщ Іагъэлі Іуэзэзджэщ, бэ я джакІуэщ, жылэм дэс псори ецІыху, езыри фІыуэ я къацІыху, - къыхегъэщ Теренскэ къуажэм щыщ нэхъыжьыфІ, мэкъумэш лэжьыгъэм и ветеран Наурыз Хьэтызэ.

Къыдэхъуахэм, и Іыхьлыхэмрэ и хэкуэгъуэхэмрэ зыгуэркІэ егуэпэкІыну Хуопабгъэ. Хьэрэмыгъэ лъэпкъ хэмылъу, пасэу псэкІэ къиштащэ ар мы гъащІэм къыщыдекІуэкІ хьэл дахэщ. Апхуэдэхэм лъахэр куэдкІэ яхуоупсэ. Абыхэм ящыщщ къызэхэкІа лъэпкъым, къэзылъхуахэм яхуэфащэу, и пщІэр, и нэмысыр иІыгъкъу, гущІэгъуэхуэ зыхэлъ Ахьмэд Ахьмэд и къуэр. Ар Анатолэ и ныбжьэгъуэ.

УнафэщІ куэдым хуэдэу, Хьэжум уардэунэ иухуакъым, дачэ ехьэжьа зэриГъэпэщакъым, адрейхэми ещхьу, фэтэр къызэрыгуэкІым щопсэу, и сэбэп цІыхухэм яригъэкІыу, жыжьэру мэлажьэ.

Анатолэ къигъэщІам зытриГъэгусэркъым: унагъуэ дахэм и тхьэмадэщ, и щхьэгусэмрэ абырэ быниш – щІалитІрэ зы хъыджэбзрэ зэпапІащ, гъуэгу захуэтрагъэхьащ, я къуэрыпхъурыпхъурыпхъуэр я нэ-я псэм хуахьу зэдопсэу.

И ныбжьым емыльытауэ, Хьэжур ноби жыджэрщ, творческэ мурадышхуэхэр иІэщ. ГъащІэ зыльэгъуа, Іуэху зехьэкІэм хуэІэижь, гуащІэшхуэ къызэпкърыкІ, гупсысэ узыншэхэр зи Іэпэгъу нэхъыжьыфІым республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ щІалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымрэ теухуауэ хьэуб къалэнхэр гъэззэщІэным дяпэкІи хуэфащэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуиущынур ди фІэщ мэхъу.

ГъащІэ кІыхь уиІэну, Іуэхуфі куэдкІэ дыбгъэгуфІэну, узыхуэпабгъэхэм уалъэІэсыну ди гуапэщ, Анатолэ!

ДАДЭ Суфэдин.

Шынагъуэншагъэм хуаущий

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм и гущІэгъуэщи, балигъ ящІымыгъуу сабийхэр къыщынэр нэхъыбэщ. Ар къалъэтэри, Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и лэжьакІуэхэр, Жылагъуэ советым хэт, «Вести Прохладного» газетым и художественнэ редактор Клюй Андрей, Прохладнэ станцым щІэ полицэм и линейнэ Іэнатіэм балигъ мыхъуахэм я Іуэхуэмкіэ и къудамэм и инспекторхэр ныбжьыщІэхэм яхуэзэщ.

ЗЭІУЦІЭР щекІуэкІащ Прохладнэ къалэм къат куэду зэтет унэхэм я пщІантІэхэм. Сабийхэр ирагъэпльащ псыхэм, мэзым, гъэзгум узэрыщысакъыну щыкІэм, мафІэс къэхъу хьужькъуэмэ, ящІапхъэхэм теухуа видеороликхэр.

Инспекторхэм сабийхэр школым нэс яшащ, шынагъуэншэу узэрызекІуэнур ирагъэльагъуу.

- Гуапэ тщыхъунущ ди зэхуэзэр ныбжьыщІэхэм сэбэп яхуэхъумэ, шынагъуэншагъэм иригъэгупсысмэ, - жиІащ Клюй Андрей.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэ.

● Фэеплъ

ЩІэблэм ящымыгъупщэу

КъБАССР-м и цІыхубэ усакІуэ, япэ балъкъэр уэзэщІакІуэ, тхакІуэ, этнограф, философ Шахмурзаев Саид и фэеплъ пхъэбгъу къыщыцэІуахащ ар щыпсэуа унэм.

ЗИ ЗЭФІЭКІ Лъагэхэмкіэ республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ щІыпІэхэми пщІэшхуэ щызиІэ цІыху щэджащэр зыщІэса, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №41-м щыпсэуа Саид фІыуэ щІалъэгъуар, атІэ ар икІи гуапагъыщхуэ зыхэлъ, псэ хьэлэл зиІэ цІыху телъыджэт, - жиІащ Газзаевым. - Абы сытым дежи зыщІигъакъуэрт дэІэпыкъэгъуэ хуэйм, езым иІэмкІэ хуэныкъуэм дагъуэнрт.

ТхакІуэ, тхыдэдж Опрышко Олег игу къиГъэкІыжащ Шахмурзаевым зэрыдэлэжьаеу щытар:

- Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и щІэныгъэ институтым 1960 гъэм Эльтюбю щригъэкІуэкІа археологие къэхутэныгъэхэм зэгъусэу дыхэтащ, абы щыгъуэщ балъкъэр узэщІакІуэ ящыщыщІыхуар. ЩІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цІыху гъэщІэгъуэнт ар. Сыт хуэдэ упщІэкІи зыхуэгъаза, жэуапыр, щІэнгъуаззэм кІыпхам хуэдэу, зэпкърыхуэ къуитынут. КъащІэ иІэт. «Мыбдеж къэдгІ», - жиІэмэ, гупым хэтхэм дгъэщІагъуэу я щІыпІэ дыдэм хьэпшып ГъащІэгъэнэхэр къыщыдгъуэтырт. Мис апхуэдэу цІыху телъыджэт ар.

Ищджэм районым щІыпІэ самоуправленэмкІэ и советым и унафэщІ Уэдыжь Хьэсанш къыхигъэщащ Шахмурзаевым балъкъэр лъэпкъым и щэнхабзэр хуэмэным, зегъэужьным хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІар, абы и тхыльхэр къэзыщэнхэр зэІэпахыу къыхэзрекІуэкІыр, апхуэдэ цІыху телъыджэм и хэкуэгъуэ зэрыщытым зэрыригушхуэр.

Къыщыхъуахэм, и Іыхьлыхэмрэ и хэкуэгъуэхэмрэ зыгуэркІэ егуэпэкІыну Хуопабгъэ. Хьэрэмыгъэ лъэпкъ хэмылъу, пасэу псэкІэ къиштащэ ар мы гъащІэм къыщыдекІуэкІ хьэл дахэщ. Апхуэдэхэм лъахэр куэдкІэ яхуоупсэ. Абыхэм ящыщщ къызэхэкІа лъэпкъым, къэзылъхуахэм яхуэфащэу, и пщІэр, и нэмысыр иІыгъкъу, гущІэгъуэхуэ зыхэлъ Ахьмэд Ахьмэд и къуэр. Ар Анатолэ и ныбжьэгъуэ.

УнафэщІ куэдым хуэдэу, Хьэжум уардэунэ иухуакъым, дачэ ехьэжьа зэриГъэпэщакъым, адрейхэми ещхьу, фэтэр къызэрыгуэкІым щопсэу, и сэбэп цІыхухэм яригъэкІыу, жыжьэру мэлажьэ.

Анатолэ къигъэщІам зытриГъэгусэркъым: унагъуэ дахэм и тхьэмадэщ, и щхьэгусэмрэ абырэ быниш – щІалитІрэ зы хъыджэбзрэ зэпапІащ, гъуэгу захуэтрагъэхьащ, я къуэрыпхъурыпхъурыпхъуэр я нэ-я псэм хуахьу зэдопсэу.

И ныбжьым емыльытауэ, Хьэжур ноби жыджэрщ, творческэ мурадышхуэхэр иІэщ. ГъащІэ зыльэгъуа, Іуэху зехьэкІэм хуэІэижь, гуащІэшхуэ къызэпкърыкІ, гупсысэ узыншэхэр зи Іэпэгъу нэхъыжьыфІым республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ щІалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымрэ теухуауэ хьэуб къалэнхэр гъэззэщІэным дяпэкІи хуэфащэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуиущынур ди фІэщ мэхъу.

ГъащІэ кІыхь уиІэну, Іуэхуфі куэдкІэ дыбгъэгуфІэну, узыхуэпабгъэхэм уалъэІэсыну ди гуапэщ, Анатолэ!

ДАДЭ Суфэдин.

● КъБР-м и прокуратурэм

Пщэрылъхэр ящещІ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур иригъэкІуэкІа зэІущІэм щызэхалъхьажащ правовой статистикэмкІэ я къудамэм мы гъэм и япэ мазихым зэфІэкІар, апхуэдэу а Іэнатіэм прокурор кІэлъыплъыныгъэр щыгъэлъэщыныжмкІэ лэжьыпхъэхэр щызэпкъражащ.

ПРАВОВОЙ статистикэмкІэ къудамэм и унафэщІым и докладым зэрыщыжиІамкІэ, а зэманым къриубыдэу щІэпхъаджагъэхэр зэратх щыкІэм ныкъусанигъэ 2790-рэ къыщахутащ. 2728-р уголовнэ Іуэхухэр бжыгъэкІэ зэрызэкІэльамыхьым хуоз. Абыхэм ящыщу 1189-р пэублэу ятх документхэр щатын хуей пІалъэр къызэрызэпаудым, 15-р лъабжьэншэу учёт зэращІым, 1483-р щІэпхъаджагъэр зыхуэдэмрэ ар зылъэмарэ я хъыбархэр пэжу зэрамытхым теухуащ

«Сэ Урысейм папщIэ силъ згъэжащ...»

Бзаджащ Iэхэм ягъэулъий ди лъапIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэр

Зэгуэрым

... Десантыдзэм хэтахэм я фащэхэр зыщыгъ щIалэжьиплIым метром и вагоным макъ гуихкIэ щыIараш зауэлIым Афганистан жыжьэм щигъэвахэм ятеухуа уэрэд гуузыр: шэхэр кьытолъапэ, моджахедхэм къаухъуреихьа и ныбжьегъуэм ящыщу иужькIэ къэнэжыр мащIэщ...

Зэуэ тельыджэ тщыхъуащ гу зылъыттар - лъымытпIэуи хъурэт: Кандгаррэ Гиндукушрэ щыIа нэхъ щIалэ дыдэхэм я ныбжьыр нобэ илъэс 40-м щыIэдэхащ. «Уэрэджы IакIуиплIым» ящыщ ары нэсатэкъым.

Шэджагъуэ нэужьт, ауэ щIалэ IэчлъэчкIэр здэщыIэр лэжьапIэртэкъым, атIэ гитарэр щагъэзу метрорт. Пивэм кьигъэпща я ныбзхэр, я нэкIу тIэпIыжкIэр зылъагъу дэ ахэр тфIэгугъэныкъ хъуртэкъым, арщхьэкIэ уэрэдыр уи гум кьедзэкъэн хуэдэу жаIэрти, цIыхухэр ахъшэкIэ къахуэупсэрт. Псом хуэмыдзу къыззрагъэпуIуэр дэтхэнэми иIыгъ щIакъуэ башымрэ кьыхах ахъшэ поори зэкIуэдахэр. Зы цIыхуи ягъэуэхэм трагуэщэну зэрамурадымрэт. Нэхъ щхьэтечу щыгъуаззэ зыхуэсщIу къысхуадакъым. Ауэ мыбдежым сытыт хэлъыр щIэпхъумэну?

Мис апхуэдэ ветеран нэпцIкэр ялъагъу пщэдей дзэм къулыкъу щызыщIэну ныбжьыщIэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм зыщыкIуэхэр йогупсыс: сыт зэрытщIынур? Ныкъуэдыкъуэу дыкъэкIуэжу факъырэIуе метром и вагонхэм къыщыхэтхьн щхьэкIэ? Адрейхэм губгъэн хуащI Хэкум «апхуэдиз» хуэзыщIа, «апхуэдэ лыхъужьыр» гъащIэм и тафэм къытезына къэралым. КьызыхэкIри гурыIуэгъуэ: ярэби, пенсэ мащIэ дыдэмрэ ахъшэ жьгъей кьызэрыхахьн кумбыгъэрэ фIэкIа къэралым абыхэм кьахуимыигъэнауэ пIэрэ?

Фащэр къокIункIэ хъунщ, арщхьэкIэ...

Хэку зауэшхэм и ужькIэ къэзыгъэзэжа цIыху минхэм къэралыр кьызэхакIухьырт зыщыужа мамыр гъащIэм хэмызагъэу. Ауэ абыхэми яхэтт «фронтым» щыIа хуэдэу фэ зытезыгъаузэкри. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ лъэIуакIуэхэм я пэжужьыр иджыри кIуэдыжакъым: ахъшэм мэ ищIыркъым - ухуеймэ, гъэпцIагъэкIэ, ухуеймэ къэхьпагъэкIэ къэлэжь...

Зэгуэр ОВД-м ящащ апхуэдэ «Лыхъужь». «Сэ Шэшэным и Кабул къалэм сыщыIащ. Сыщымыуэу пIэрэ? А-а! Кабул здэщыIэр Афганистанырщ. Сэ сызэщыIэр Шэшэным ей Грознэщ», - къажриIэрт абы. Кавказ Ищхъэрэм мыз-мытIэу щыIа хабзэхъумитIыр дыджу дыхьэшхащ.

Мис апхуэдэу уэрамхэм дохьэ зыщыззэуа, зи Iэ-лъакъуэр щафIэкIуэда къэралым и цIэр тэмэму ямыщIэу. Iуэхум артистыгъэ халъхьэ цIыхухэм зрагъэфIэгуэныхь: «ЦIыхухэ, цIыхухэ, фыкьыIэплъ: Фэ фи пащхьэм итщ зи хэкум щыгъупщэжа лIыхъужь! Фи цIыхугъэр фигу кьэвгъэкIыжи, сызэрышхэн гуэр кьызэфт!» Е, нэхъ ткIыбжьыж: «Мис мыпхуэдэущ Хэкур лIыхъужьхэм зэрахущытыр! Сэ Урысейм папщIэ силъ згъэжащ, си лъакъуитIри пахащ. Енэйрэ операцэ сащIащ...».

Пэжщ, иужь илъэсхэм екIуэкIа зауэхэм цIыхухъу куэдым я гъащIэр икъутащ: хэт хэкIуэдащ, хэти иужькIэ уIэгъэхэм илыкIащ, хэти ныкъуэдыкъуэу къигъэзэжащ. Сыт хуэдэ зауэри фIейщ, лъыщ, узщ. Сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ щыIэхьи, ахъши, пщIэи яльысыркъым - ахэр нэхъыбэу зыхуэкIуэр бюрократхэмрэ гудзакъэншэхэмрэщ. Афганистаным ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэм я бжыгъэр мин 28-рэ мэхъу. Абыхэм пщыщ куэдым къыпхуаIуэтэжы фынущ зауэ нэужьым къызэрагъэпудам теухуа хъыбар куэд. Ауэ зауэм лIыгъэ щызэзыхьар мамыр гъащIэми апхуэдэу кьыхьхьэжащ. «Афганистаным щекIуэкIа зауэм и ветеранхэм я союз» жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщIхэм ящыщ Никулин Олег жеIэ: «Си фIэщ мэхъу дэ тщыщу зыри я Iэхэр шияуэ уэрамхэм кьызэрыдэмыувэнур. Пэжщ, шэсапIэ сиувэфынукъым иджырей «афганец» ныкъуэдыкъуэхэм зы факьыри яхэмытынкIэ. ГъащIэм сытри кьыщыхъункIэ хъунущ. Ауэ дэ зэгуэр кьэтпщытащ зауэлI фащэ зыщыгъ апхуэдэхэр. Зы цIыхуи кьахэкIакъым ипэжыпIэкIэ зауэуэ».

Сэлэт анэхэм я комитетым и лэжьакIуэхэм вокзалхэм, метрохэм щызыхуэзэ апхуэдэ факъырэхэм, мызэ-мытIу жраIащ ядэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр. АрщхьэкIэ емыпсалъэхэмэ нэхъ кьащтэрт, кIэбгъу защIырт. УемыгупсысынкIэ Iэмал иIэтэкъым: мы цIыхухэр нэгъуэщIщ.

Дзнэ фэбжьхэр къыздикIар?

Дзнэ атIэ фащэ зыщыгъ, гу цIыкIуэм ису зауэм зыщыхэхуа бэлыхьым теуухуа хъыбархэр гущIыхьэу кьэзыгуэтэж цIыхухэр кьыздикIыр? Сыт щалъхуа Хэкум и сэбэп зыхэлъхэр яхьумэу ныкъуэдыкъуэ хъуа абыхэм дохутырхэр зрагъэIэзэн, гъащIэм хэзгъэжьын я лъэныкъуэкIэ къэралыр щIадэмыIэпыкъур.

Пэжщ, абыхэм яхэтщ ипэжыпIэкIэ ныкъуэдыкъуэхэри. Ауэ абыхэм фэбжьхэр щагъуэтар зауэхэркъым, атIэ нэгъуэщI IэнатIэхэрщ. Зэгуэр милицэм административнэ жэуапым иришэлIауэ щытащ зауэхэм хэтауэ жызыIэ факъырэр. И Iыхьлы жыжьэхэм лэжьапIэ ягъэувыну къагъэгугъэри, Прохоров Александр гуэр щыхьэрыкIуат, Волгоград областым икIри. И лъакъуэ сэмэгур пахьн хуэй хъуащ, чэф хьэлъэ хъууэ щIымахуэ жэщ щIыIэм уэрамым нэху кьыщекIа иужь. Прохоровым дзэм кьулыкъу щищIакъым. И Iыхьлы гуБзыгъэхэм ар уэрамым дагъэхьащ ахъшэ кьыхихыну. Дауи, зауэлI фащэ щыгъащ.

«Генералхэр», «депутатхэр», «прокурорхэр»

Мы тхыгъэм сыщелэжьым си ныбжьэгъум зыхуэзгъэзащ. Абы мыпхуэдэ чэнджэщ кьызэитащ: «Генерал, адмирал нэпцIхэри зыщымыгъэгъупщэ»!

МВД-м и статистикэм сепльащ. Иджыри къэс Урысейм щызеуэрт «генералу», «адмиралу» закъыфIэзыгъэщI гъэпцIакIуэ миниХ. Язныныкъуэхэр ихуащ хабзэхъумэхэм я кьэпхъэнэхэм. Яубыдыкъуэ апхуэдэхэр хабзэхъумэхэм кьахуодалъэ, кьохъуэн.

- А бзаджэнаджэхэм «генерал» дыдэу закъыщохъуж, - кьызжаIащ генерал фащэ зыщызыгъэгъа напэншэхэр ФСБ-м и гъусэу зыубыда гупым хэтахэм. - Москва уащрихьэлIэнущ «генералхэм», «адмиралхэм», «прокурорхэм». Щыхуэ пIахьинущ, Iуэхутхьэбзэ гуэрхэр кьыпхуащIэну укъагъэзэгугъэнущ. ЩыбубыдкIэ кьыпхуодалъэ уи кьулыкъым утрагъэкIыну...

А напэншэхэр хуабжьу ятхьэкъуащ дамэтелъхэм. Багуэр нэхъыбэ хэлъхукIи нэхъыфIщ. Езыхэм гуп гуэркэр «зэкъуагъэувэ». Москва и закъуэ «лIыхъужь» зэгугъэныгъэ 17 щыIащ. Езыхэм цIэхэр зыфIащыж, орденхэмрэ медалхэмрэ зрат. АхъшэфI хуэпшиймэ, Урысейм и ЛIыхъужьым и Вагуэр «къурагъэтыфынущ», кьулыкъушхуэ «упэрагъэувэнущ», уи Iуэху «дагъэкIынущ». Хабзэхъумэхэм хъыбар тельыджэ куэд урагъэдзIуэфынущ апхуэдэ «генералхэм» мылъкушхуэ зезыхьэ цIыхухэр кьызэрагъапцIэм теухуауэ: фIыгъуэ куэдкIэ къагъэгугъэуэрэ, ахъшэшхуэ IэщIагъэкI. Апхуэдэ «лIыхъужьхэм» ятеуухуа сериалхэр иджыри къэс щытщIэрыр гурыIуэгъуэныкъым.

Бзаджэнаджагъэм гъунэ иIэкъым. Iуэхур абы нэсащи, напэншэхэр ТекIуэныгъэ Иным и гуфIэгъуэр зыгъэлъапIэхэм яхохьэ. Утыку ТлъыжьыкIм и тribунэхэм кьохутэ пщIэи щIыхьи кьэзымыщхьэхэр. Куэдым ягу кьинэжащ зи генерал-майор фащэм и бгъэм дыщэ багъуитI - Совет Союзым и ЛIыхъужьыбзэ Социалист Лэжьигъэм и ЛIыхъужьыкIэ яйхэр - зыхэлъ цIыхубзым и сурэтыр. НэгъуэщI апхуэдэ зыми и генерал фащэм кьыхэлыдыкIырт Совет Союзым и ЛIыхъужьым и вагъуитI, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьым и зы вагъуэ, Ленин ордену блы. СССР-м и зэманым зауэмрэ лэжьыгъэмрэ кьыщыхэжаныкIахэр псоми яцIыхурт, иджы ахэр псэужкъым.

Хэт фащэр ящезыгъэхынур?

Мыпхуэдэ упщIэ уигу кьокI: дамыгъэ, медаль мыгурыIуэгъуэхэр зи бгъэм хэлъ цIыхухэр Ут ПлъыжьыкIи трибунэхэм сыт хуэдэ щыкIэкIэ кьызэрихутэр? Зауэм лIыгъэ щызезыхьахэр апхуэдэ щIыхь кьалъысыным, уеблэмэ щцыгугъыфыркъым. ПцIыIэпцIышэ IэмалхэмкIэ зыщагъэтха ветеран зэгухьэныгъэхэм я щIэкIэ кIуэуэ я кьыщIэкIынущ. Апхуэдэу щыщыткIэ, льготэ псори яIэщ.

Апхуэдэ напэншэхэр бгъэукIытэу кьыпхуэгъуэвыIэнукъым икIи ахэр кьытщIэхъуэ щIэблэхэми я гъащIэм хэтынущ. ПльэмыкIыу уогупсыс: сыт ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм, ветеран зэгухьэныгъэхэм, «афганцхэм», зауэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытхэм езыхэм я фащэхэмрэ щIыхьымрэ зыгъэпуд напэншэхэр кьыщIамыгъэувыIэр? Пэжщ, ахэр яльэIэсыфынукъым факъырэ Iус кьыхэзэх ныкъуэдыкъуэхэм, ауэ фащэр зыщцрагъэхыну Iэмал яIэщ.

Дин лэжьакIуэ фащэ зыщыгъэр зэкIэлъхьэужьу метром и вагонхэм ихьэу щыщыта 2000 гъэхэм Урыс православнэ члисэм унафэ кьыдигъэкIауэ щытащ: «Дин лэжьакIуэхэм я фащэхэр гъэпцIакIуэхэм кьыщагъэсэбэп зэрыхъум кьыщагъэсэбэп зэрыхъум кьыщагъэкIыу абыхэм цIыху зэхуэсыпIэхэм ахъшэ кьыщыхах хъунукъым».

- А бзаджэнаджэхэм «генерал» дыдэу закъыщохъуж, - кьызжаIащ генерал фащэ зыщызыгъэгъа нэхъ яIэрыхьэркъым. ЕмыкIыщ! Сыт атIэ хэкIыпIэу щыIэр? Властхэм я мурадщ газым и уасэмрэ абыкIэ щIыхьэ зытехуа цIыхухэм тралъхьэ кьуэдыкъэмрэ хагъэхъуэну. Ауэ сыт кьапыпхынур газ уасэ зыхуэмытхэм, «Газпром»-м мы Iэнатlэм тригъэкIуадэр капитальнэ ухуэныгъэм хухихам и проценти 3 кьудейщ. НаIуэу зэрыщытщи, ар «Зенит»-мрэ хамэ кьэрал футбол клуб зыбжанэмрэ я спонсорщ. Ярит ахъшэр зыхуэдизыр тэмэму ягъэбелджылакъым, ауэ IэщIагъэлIхэм кьалъытэ ар компанием газификацэм тригъэкIуадэм хуэдизэ хъууэ. Властхэм гудзакъэ яхэлъамэ, кьэрал монополием игу кьагъэкIыжыну кьыщIэкIынт «псапэ» Iуэхухэм кьыпыкIыу и кьалэн нэхъыщхьэм евэлIэжыну игъуэ зэрыхъуэр.

МИНАЕВ Игорь.
«Мир новостей»

АРАЩИ, дунейм газ нэхъыбэ дыдэ кьыщыщIэзыш кьэралым и цIыху куэдым апхуэдэ гъэсныпхъэр зыщIэрыгъэ хагъэхъуэну. Ауэ сыт кьапыпхынур газ уасэ зыхуэмытхэм, «Газпром»-м мы Iэнатlэм тригъэкIуадэр капитальнэ ухуэныгъэм хухихам и проценти 3 кьудейщ. НаIуэу зэрыщытщи, ар «Зенит»-мрэ хамэ кьэрал футбол клуб зыбжанэмрэ я спонсорщ. Ярит ахъшэр зыхуэдизыр тэмэму ягъэбелджылакъым, ауэ IэщIагъэлIхэм кьалъытэ ар компанием газификацэм тригъэкIуадэм хуэдизэ хъууэ. Властхэм гудзакъэ яхэлъамэ, кьэрал монополием игу кьагъэкIыжыну кьыщIэкIынт «псапэ» Iуэхухэм кьыпыкIыу и кьалэн нэхъыщхьэм евэлIэжыну игъуэ зэрыхъуэр.

МИНАЕВ Игорь.
«Мир новостей»

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Уи фIэщ пщIы хъунукъым

Иджыблагъэ «Урысей зэкъуэтым» хэкIри «Хэку» партым хыхьащ Брянскэ областым и Думэм и депутат, кьалэм и вице-мэру щыта Медведь Иван. «Сэ мы партым куэдрэ сыщыIэнущ, хэбгъэзыхьмэ, сыпсэухукIэ сыхэтынкIэ хъунущ», - кьиргъэгугъащ абы цIыхухэр. Ауэ ар уи фIэщ пщIы хъуну? Дигу кьэдгъэкIыжьынти, Рущкой Александр. УФ-м и вице-президенту щытар зэгуэр Компартым хэтащ, иужькIэ «Урысей щхьэхуит» цIыхубэ партым кьыхэхутащ, итIанэ «Держава» зэщIэхъеенытIэм хыхьащ, 2015 гъэм Урысейм и Аграрно-промышленнэ парт зэгуэтым и унафэщI хъуащ. «Иджы дэ зыдужьыну, думэ хэхыныгъэхэм дыхэтыну Iэмал дгъуэтынущ абы и фIыгъэкIэ», - итт а партым и сайтым, я Iэтащхьэ хъуам «Дыззэкъуэтмэ, дылъэщщ» и псалъэхэр кьихьурэ. Ауэ 2016 гъэм и бадзэуэгъуэм наIуэ хъэхъуащ Рущкой «Урысейм и патриотхэр» партым и цIэкIэ спискэм щыещанэу хэхыныгъэхэм зэрыхэтынур.

90 гъэхэм утыку кьихьауэ щыта политик Семагэ Владимир ищIар нэгъуэщIщ: «Урысейм и патриотхэр» партым хэкIри, «Яблоко»-м хьэхьащ. Нэхъапэм абы кьэдрэ къижьихьащ: КПРФ, «Псэкупсэ щIин», «Урысей зэкъуэт»...

ЕпцIыжькъэ?

«Сэ партхэр схъужащ, ауэ зэи а партхэм сепцIыжакъым», - и Iуэху бгъэдыхьэкIэм теуухуауэ апхуэдэ гъэдэIэгъуэн гуэр жиIащ Къэрал Думэм и депутату щыта Федулов Александр. Абы «ихъуэжахэм» ящыщщ «Зэкъуэтыныгъэ», «Хэку - «Урысейпсо (ОВР)», «Яблоко» партхэр, нэгъуэщIхэри. ЮстицэмкIэ министерствэм и сайтым зэритымкIэ, зиусхьэн Федуловыр зэкIэ Урысейм Лъэпкъ шынагъуэншагъэмкIэ и партым (ПНБР) и унафэщIщ. «ЗэкIэ» щIыжьитIэр а партым и цIэр «Урысей лъэщкIэ» зэрахъэжьыну иджыблагъэ унафэ кьащтащи аращ. Абы и пашэ Дмитриевэ Оксанэ хъуну хуагъэфащэ.

Дмитриевэри куэд зи нэгу щIэкIа политикщ, зэхуэсыгъуэ псоми я депутату щытащ. «Яблоко»-мрэ» ОВР-мрэ кьыззринэкIа иужь, и IащIэр 2007 гъэм «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым ирипхащ. Ауэ зэрыритхам хуэдэу зыкьитIэтэжащ: Мироновым щемызэгъым, хуит хъужащ. 2015 гъэм абы и жьауэм зэуэ партитI кьыщIэхутащ - ПНБР-мрэ Профессионалхэм я партымрэ. АрщхьэкIэ зи чэзу хэхыныгъэхэм депутатыгъэм щыхуIэкъуныщ Титов Борис кьызэригъэпэщащ, «Зыужьныныгъэм и партым» хэту.

Театрымрэ киномрэ я актёр щIэрыуэ Михайлов Александр 2007 гъэм Къэрал Думэм кьыхэхутэну хущIэкъуащ зэсэрхэм яхэту. «Илъэс тIощI хуэдиз и пэкIэ коммунистхэм сакъыпыкIащ, иужькIэ демократхэми ижьхэми я дежкIэ сеплъэкIакъым, - яжриащ артистым журналистхэм. - Ауэ иджы «Захуагъэ здэщыIэ Урысейр» псэкIэ нэхъ спэгъуэнэгъуащ». АрщхьэкIэ «иджыри» зэфIэмыхьэныгъэ гуэрхэр къэхъуащ икIи 2016 гъэм и политезоным зиусхьэн Михайловым и унэщIэм «Хэку» партым и спискэр егъэдахэ.

ТхакIуэ ныбжьыщIэ Шаргунов Сергей эсэрхэм игу ебгъащ. АрщхьэкIэ зэгуэр зыхэта «ХэкумкIэ» имыгъэзэжу КПРФ-мкIэ зригъэхьэкIащ. «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партри зыгъэрэхэм я дежкIэ хьэщIапIэ хьэрэнэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, абы и спискэм кьихутащ ЛДПР-м и цIэкIэ Къэрал Думэм и депутатхэу Чирковэ Иринэрэ Ананских Игоррэ. КПРФ-м зришэлIащ «Зыуэ щыт Урысейм» и фракцэм хэт Курбанов Ризванрэ Романов Антонрэ, апхуэдэу ЛДПР-м и цIэкIэ депутат, дзюдоист Носов Дмитрий. Журналистхэм гу лъатащ Жириновский Владимир и партым псом хуэмыдэу хэщIыныгъэшхэ зэрирегъуэтым. Хэхыныгъэхэм япэ кьихуэу абы хэкIащ Къэрал Думэм и депутатхэу Худяков Роман, Свергуновэ Маргаритэ, Шингаркин Максим - абыхэм «ХэкумкIэ» загъэзащ. Арауэ кьыщIэкIынущ ЛДПР-м и унафэщIхэу «епцIыжакIуэхэм» ягъэгубжьахэм апхуэдэ щIэпхъуэжакэр дяпэкIэ депутат мандатхэм пагъэкIыным теухуэ хабзэгъэув проект кьыщIыхалъхьари.

Зыхэт партыр яхъуэжыныр политик куэдым «щай фIыщIэжьу» кьащIыщымыхъум и щхьэусыгъуэр сыт? Ар зытещIыхьар идеологие хьэмэрэ щхьэхуэфынныгъэ?

ЩIэIэпхъуэм и щхьэусыгъуэр

- Кьухьэпlэм политикхэр зы партым хэкIыу нэгъуэщIым щыкIуэ куэдрэ зэкъуэгъу икIи ар емыкIуу кьыщалъытэркъым, - кьыдгуригъэIуащ политолог. Политикэ технологиехэмкIэ центрым и вице-президент Маркин Александр. - Мис щапхъэ цIэрыIуэхэр. Инджылызым и премьер Черчилль япэщIыкIэ консерватору, иужькIэ либералу щытащ, итIанэ аргуэру консерватор хъужащ. 2000 гъэм США-м и вице-президентым и кандидату кьагъэлъагъуэ Либерман Дж. демократу щытащ, иужькIэ зы парти щымыщ хуащ, ауэ 2008 гъэм республикан кандидат Маккейн Дж. диIыгъащ. ЦIыхум и Iуэху еплъыкIэхэр ихьэужьнкIэ хъунущ. Ауэ Урысейм гу зыщыIэлъыпIтэр нэгъуэщIщ: хэхыныгъэхэм япэ кьихуэу зы партым хэкIыу нэгъуэщIым хыхьэхэм я бжьгъэм куэдкIэ зэрыхъэхъуэрщ - зы щIыпIэ уи Iуэху кьыщимыкIамэ, нэгъуэщIым и деж ущыпхрыкIынкIэ хъунущ. Е, дывгъэгъэзэжьт Рущкойрэ Дмитриевэмрэ я деж. Аехэр зи унафэщI хъуа партхэм ящыщу зыри яхэткъым цIыхухэм Iэ эытрадзахэр зэхуамыхьэсу хэхыныгъэхэм хэтыну хуит яща парт 14-м. Аращ апхуэдэ хуитныныгъэ зиIэхэм я деж щIэкIуар. Езыхэм я партым и екъулIэныгъэм щIэбэныным япэ иратгъэхуащ я щхьэ Iуэхур. Ауэ абы и зэрамкIэ я Iуэху еплъыкIэхэр яхьуэжу кьыщIэкIынукъым - псори зытещIыхьар фейдэрщ.

ЦЕПЛЯЕВ Виталий.
«Аргументы и факты»

● Депутатхэр

Псори зытращIыхьыр я щхьэ Iуэхухэрщ

Сыт политикхэм партхэр апхуэдизрэ щIахъуэжыр?

МыIэрысэхэмкIэ щIагъэнэнущ

УФ-м и Президент Путин Владимир иджыблагъэ хуэзащ Кавказ Ищхъэрэм егъэщIылIа IуэхухэмкIэ министр Кузнецов Лев. Иужьрейм къэралым и Iэтащхэр хигъэгъуэзащ щIыналъэм зегъэужьынымкIэ программэр гъэзэщIа зэрыхъум.

- ЯПЭ лъэхъэнэр хуэгъэзат Кавказым сыт щыгъуи кьегугъуэкIа, иджыри кьегугъуэкI социальнэ зэщхьэщыкIыныгъэхэр гъэкIуэдыным, - жиIащ абы, - шюл 62-рэ, узыншагъэр хъумэным и Iуэхущ Iапl эу 13, нэгъуэщIхэр яухуащ. Егъэджэныгъэ Iэнатlэм щIэуэ тIысыпIэу мин 32-м щIигъу кьыщIэзIуахащ. 2014 гъэм Кавказ Ищхъэрэм ЕГЭ-р зэрыщата щыкIэм дагъуэ хуащIэу щытащ. Иджы апхуэдэ щыIэжьым.

- ЩIыналъэм лэжьапIэншэхэр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ щыхъуащ, - и гуапэ хъуэу гу лъитащ Путиным.

- Школхэр, сабий садхэр, узыншагъэм и Iуэхущ Iапl эхэр духуэкIэрэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, лжьапIэ Iэнатlэщ Iэхэр кьызэIутхащ. Аращ зи фIыгъэр, - щыхьэт техъуащ Кузнецовыр.

Абы кьыдэкIуэу лэжьапIэщIэхэр кьыщызэIуах туризмэм и Iэнатlэми.

- Дэ Урысейм дыкъызэрыщыхэжаныкIыфынум и мызакъуэу, хамэ къэрал туртехэри кьетшэлIэфынущ, - жиIащ министрым. - Кьызэрыдэдхьэхыфынри тенджызкъым, атIэ узыншагъэр гъэбыдэн и Iэныкьуэкъщ. Инвестицэхэр хэдмылъхьэми, илъэс кьэс Кавминводхэм зыщцызыгъэпсэху цIыхухэм я бжьгъэм проценти 7-8-кIэ хохьуэ. Бгы лыжэхэр-щэ? Дэ диIэщ Iуащхьэмахуи Архызэри, мы зэманым Шэшэным и Ведучи курортым яужь дохьэ.

Кавказым кьалэну хуагъэуващ ерыскьыпхъэ шынагъуэншагъэмкIэ лъэпкъ программэм кьууэ хъуну.

- Мыбдеж Iэпщэ кьару куэд ущыхуейщ, ауэ ар Iейкъым ерыскьыпхъэхэм я фIагъыр кьызэрегъэпэщри,- кьыхигъэщхьэхуIащ Кузнецовым. - Псом нэхърэ нэхъыщхьэ а бгылъэ щIыпIэхэм щыпсэуэхэм лэжьапIэ кьахуэзIухынырщ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыхухэр мыIэпхъуэн и лъэныкьуэкIэ.

- Ауэ иджырей техникэр кьагъэсэбэпын хуейт, - жиIащ Путиным.

- Техникэм ухуейщ, ауэ мыIэрысэр Iэкlэ фIэкIа кьыпыпчъ хъунукъым ар куэдрэ щыIэн папщIэ, - идакъым министрым.

- Сэ сызэригугъэмкIэ, ди къэралым мыIэрысэу кьыщрахьэлIэр хэдищкIэ нэхъ мащIэщ щашхьэм нэхърэ,- игу кьигъэкIыжащ Президентым.

- Дэ Iэмалыфхэр диIэщ кьэралыр мыIэрысэхэмкIэ пэрыхьэту иридгъэкъуну, - кьыхигъэщхьэхукIащ Кузнецов - дэ ар тхуэзфIэкIынущ.

СМИРНОВ Дмитрий.
«Комсомольская правда»

ТРАМП Дональд:

Къырымыр Украинэм Iэрыхьэжмэ, ещанэ дунейпсо зауэ къэхъеинущ

США-м и президентым и кандидат мелардыбжэ Трамп Дональд «Урысейм Украинэм кIэлъыызэрихьа агрессием» теухуауэ АВС американ каналыр кьызэреупщIам и жэуапу мелардыбжэм жиIащ:

- Фэ фыхуей илъэситIкIэ фикIуэтыжу Къырымым евгъэгъэзэжын папщIэ ещанэ дунейпсо зауэм щIэвдзэну?

Журналистхэм епсэлъа иужь, политикым аргуэру наIуэ кьищIащ езым и Iуэху бгъэдыхьэкIэр: «Обамэ ипкI-илъми, урысхэм Къырымыр кьащтащ икIи ахэр абы иджыри кьэс щыIэщ».

ЧЕСНОКОВ Эдвард.
«Комсомольская правда»

● Чикагэ

Щыпсэу цIыху бжыгъэмкIэ Чикагэ къалэр США-м щыещанэщ (Нью-Йоркрэ Лос-Анджелесрэ я ужькIэ), арщхьэкIэ финанс IуэхухэмкIэ щыетIуанэщ (Нью-Йорк и ужькIэ). Апхуэдэ дыдэу мы щIыпIэр гъуэгу зэхьыхьэпIэ нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщщ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Гъэсныпхъэ

Жагъын къещтэ

«Мы зэманым ирихьэлIэу Урысейм ику иту газыр зылъэIэсар и щIыналъэм и процент 66-рщ» - жиIащ Правительствэм и зэIущIэм къыщыщыпсалъэм Медведев Дмитрий. Иужь илъэсхэм абы и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр нэхъ хуэм хъуащ. ЩIхьэусыгъуэ ящI кьалэ, кьуажэ пхыдзахэм газ пшэным ахъшэшхуэ зэрытекIуадэр.

АРАЩИ, дунейм газ нэхъыбэ дыдэ кьыщыщIэзыш къэралым и цIыху куэдым апхуэдэ гъэсныпхъэр яIэрыхьэркъым. ЕмыкIыщ! Сыт атIэ хэкIыпIэу щыIэр? Властхэм я мурадщ газым и уасэмрэ абыкIэ щIыхьэ зытехуа цIыхухэм тралъхьэ кьуэдыкъэмрэ хагъэхъуэну. Ауэ сыт кьапыпхынур газ уасэ зыхуэмытхэм, «Газпром»-м мы Iэнатlэм тригъэкIуадэр капитальнэ ухуэныгъэм хухихам и проценти 3 кьудейщ. НаIуэу зэрыщытщи, ар «Зенит»-мрэ хамэ къэрал футбол клуб зыбжанэмрэ я спонсорщ. Ярит ахъшэр зыхуэдизыр тэмэму ягъэбелджылакъым, ауэ IэщIагъэлIхэм кьалъытэ ар компанием газификацэм тригъэкIуадэм хуэдизэ хъууэ. Властхэм гудзакъэ яхэлъамэ, кьэрал монополием игу кьагъэкIыжыну кьыщIэкIынт «псапэ» Iуэхухэм кьыпыкIыу и кьалэн нэхъыщхьэм евэлIэжыну игъуэ зэрыхъуэр.

МИНАЕВ Игорь.
«Мир новостей»

Евтушенкэ Евгений ягъэлъапІэ

КЪБР-м и Музыкэ театрым иджыблагъэ щекІуэкІащ усакІуэ цІэрыІуэ Евтушенкэ Евгений и пшыхь.

● Ди хьэщІэхэр

ТЕАТРЫМ и пэшышхэм тІысапІэ имыІэжу куэд къыщыдзыхэсат. Абыхэм Іэгуауэшхуэкіэ утыкум ирагъэблэгъащ Евтушенкэ Евгенийрэ абы и ныбжьэгъу, пшыхьыр езыгъэкІуэкІа усакІуэ Краснопольский Валерийрэ.

Илъэс 84-рэ хьу Евтушенкэ Евгений жиІащ къэралым и щІыналъэ куэдым щыІэну къыхуихуами, Кавказ Ищхьэрэм япэу къыздэкІуэр, гъуазджэм, литературэм я лэжьакІуэхэр нэхъ гъунэгъуу зригъэщІыхун мурад зэриІэр, сурэтыщІхэу Црым Русланрэ Пащты Германрэ я лъэщапІэхэм зэрыщыщІар, Киселовдэк, Пятигорск къалэхэм кІуэуэ «Лермонтовым и щІыпІэхэм» зэрызыщипІыхьыныр. Апхуэдэу усакІуэм къыхигъэщащ Кулиев Къайсин и ныбжьэгъуфІу зэрыщытар икІи къыздэхуэсахэм къахуеджащ иджыблагъэ итха «Я наконец пришёл к тебе, Кайсын...» усэм.

Евтушенкэ Евгений гуапэ щыхъащ щенкэ Евгений жиІащ Кулиев Къайсин и унэ-музейм щыкІуам къыздэсыхьар икІи жэщ псом абы кьыбгъэдэмыкІа и щхьэгъусэм а усэр зэрыхуитхар. УсакІуэр и гъащІэм, и унагъуэм и къекІуэкІыкІам щытепсэлъыхьым къыхигъэщащ лъэпкъ 12-м ящыщ лъыкІэ благъэ зэрыхуэхъуар.

Пшыхьыр щІэщыгъуэу, гъэщІэгъуэну екІуэкІащ. КърихьэлІахэм Евтушенкэ Евгений ягъэлъапІащ, псалъэ гуапэхэр, удз гъэгъахэр, Іэгуауэхэр мыухыжу.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

● Зэхьэзэхуэхэр

Пэкіуэ къыщызэІуахым.

Ипщэ Дзэ округым хьыхь 49-нэ армэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Генерал-майор Носулев Михаил.

Зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІыр нэгуэныжьыт.

Бгыхэм зезыпщытхэм я зэфІэкІыр

Бгыхэм щызекІуэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ абыхэм щыпсэунымкІэ «Терскол» базэм бадзэуэгъуэм и 31-м щыщІидзащ «Іуащхьэмахуэ и уэрдыхъу» («Эльбрусское кольцо») зыфІаща, дзэм къулыкъу щызыщІэхэм я зэхьэзэхуэхэр.

«КЪЭРАЛ зэхуаку дзэ джэгукІэхэр-2016» жыхуиІэм и зы Іыхьэу щыт мыпхуэдэ Іуэхугъуэр Урысей Федерацэм япэу щызэхашэ. Ираным, Къзэахъстаным, Китайм къикІа, ди къэралым щыщ зауэлІхэм я бжыгъэр псори зэхэту 90-м ноблагъэ.

Зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэхэм ар гуфІэгъуэ щытыкІэм тету къызэІуахащ. Ипщэ Дзэ округым хьыхь 34-нэ бгыпІэ мотострелковэ бригадэ щхьэхуэм и оркестрым хэтхэм къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр зыІэт макъамэ нэжэгужэу зыбжанэ ягъэзэщІащ. Абы иужькІэ, УФ-м Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда и Къарухэм Іэпкъальэпкъым зегъэужьыныжьрэ спортымкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ, судья нэхъыщхьэ, полковник Украинец Александр Іуащхьэмахуэ и Іэхэльхэм щызэпеуэну къахуеблэгъахэм ехъуэхъуащ.

Зэхьэзэхуэхэм зэрыхуэхьэзырыр къагъэлъагъуэу, командэхэр, зыр адрейм яужь итрэ зэхэзгъащхьэхукІаеу, сэлэт лъэбакъуэкІэ утыкум кьихьащ. ЗауэлІхэр сатыру иувыкІа иужькІэ, зэпеуэм зэрыщІрагъадзэм и нэщэнэу, абыхэм хъуэхъу псалъэ яжриІащ Ипщэ Дзэ округым епха 49-нэ армэм и командующэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ, генерал-майор Носулев Михаил.

Тырныауз къалэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и сабий-къэфакІуэ гупым хэтхэм, лъэпкъ фащэ дахэхэмкІэ зэщыхуэпыкІахэм, зэрызыкъагъэлъэгъуар хьэщІэхэми бысымхэми щІэщыгъуэ ящыхъуащ. Ипщэ Дзэ округым зэрыдымрэ къафэмкІэ и ансамб-лым хэтхэми я зэфІэкІ щагъэлъэгъащ гуфІэгъуэ пэкІум. Абыхэм ягъэзащІэ уэрэд жьгъыурэм, я макъ шэщІахэм Іэгъуэблагъэр къыхэзщІагъаджэм хуэдэт.

Пэкіум и иужьрей Іыхьэм къэралиплІым я командэ хэхахэр зэкІэлъхьэужьу утым щикІуэкІащ, къызэрихьам хуэдэуи икІыжащ.

Зы сыхьэт дзкІри, зэхьэзэхуэхэм я япэ теплъэгъуэ щекІуэкІыну щІыпІэм псори щызэхуэсыжащ. БгыІуащхь пэлъытэу зэтраГъэува льагапІэ гъэщІэрэщІар абы ипэкІэ куэдрэ къэзрамыгъэсэбэпами ихьуреягъкІэ хагъэбыдыхьа тетІысхьэпІэ щхьэхкІэплъыкІэхэр зэрыщІэрыпсми гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. Гур хэзыгъахьуэт абдежым щызэхуэса цІыхухэм, зи зыгъэпсэхугъуэр Терскол щызыгъакІуэхэм, нэжэгужагъэу я нэгум кьищыр зыхуэдизри, зэрызэпсалъэхэм уащІэдзІукІынри.

Журналистхэр а щыпІэм дызэрыщыІа сыхьэт бжыгъэм кьриубыдэу зи зэфІэкІ зыгъэзагъуар Къэзахъстанымрэ къикІахэрщ.

Урысейм и командитІым щыщу Узгу-десант альпийскэ взводым зэрызыкъуигъэлъэгъуам и зы пычыгъуи тльэгъуати, джабэ Іэрыщ Іыпм псом нэхърэ нэхъ псынщІэу дэпщеяри «къехуэх» къахэмыкІыу а зэпеуэм нэхъ щехьыгъари Китайм къикІа бгырыкІуэхэращ.

- Зэхьэзэхуэхэр щыщхьэуІум и 13 пщІондэ екІуэкІынущ. Программэм хьыхьэу, зауэлІхэр, я Іэщи фащи ящІыгъуу, махуитхэм и кІуэцІкІэ Іуащхьэмахуэ ихъуреягъкІэ къекІуэкІынущ, абы дэкІынущ, джабэ нэкІуэхэм дэкІуей-къехыжми, километри 105-рэ зи кІыхьагъ гъэзуганэ зэпачынущ, метр 3500-м нэблагъэ зи лъагагъ кІурш тхыцІи 7-м щхьэдэхынущ, мыджейуэ 6 зэпаупщІынущ, къэзладжэхэм дэж псы къуейщІейуэ 5-м зэпрыкІынущ. А псомэ гупжьей къэс трагъэкІуадэ зэманыр зыхуэдэр зэхьэзэхуэхэм кІэлъыплъ судьяхэм къапщытэнущ, - жиІащ УФ-м Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда и Къарухэм Іэпкъльэпкъым зегъэужьныныжьрэ спортымкІэ и управленэм и унафэщІ, полковник Боцман Олег.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейц.*

БЕТРОЖЬ Валерэ:

Дэтхэнэри зэгугъужьын хуейщ

КъБР-м и цІыхубэ Іэзакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Бетрожь Валерэ и лэжьыгъэм теухуа тхыгъэхэр нэхьапэхэми теддзащ. Ахэр ирыдогъэхьэлІэ уз щхьэхуэхэр уэру къыщыхъей (пса-лъэм и хьэтыркІэ, гъэмахуэм - аллергиер (хьэкъупІэр), щІымахуэм - пыхуэсыхур) лъэхъэнэхэм.

ІУЭХУР зыІутыр мыращ: зыкъом щІауэ ди хэгъэрейр и Іэщ Іагъэкіэ дохутыркъым, ар зэрыІэзэр удэхэм къахихщІыкІ хущхьэуэхращ. Дыщалъхуэ щІыналъэр абыхэмкІэ хуабжьу къупейщ икІи дяпэ итахэм ахэр къагъэсбэпу щытащ, сымаджэхэр ягъэхъужьын папщІэ. Бетрожьри а лабэзэм ирикІуащ - ар илъэс 37-рэ хъуауэ цІыхухэм йоІэзэ. ДыззрыщыгъуазэмкІи, а къалэн мытынышым полъэщ.

Мы щІалэми езым и дуней еплъыкІэ, и философие иІэжщ. Щхьэтечу жыпІэмэ, абы езым и дежкІэ нэхъыщхьэр хуэмыгъэхъужьыпэми (зэрыгурыІуэгъэщи, апхуэди кьоХъу), сымаджэм узыр нэхъ тынш щищІынырщ, и зэрян иримыгъэкІынырщ.

ЦІыхухэм илъэс мин бжыгъэ хъуауэ ягъэунэху удз хущхьуэхэр ещхькъым Іэпкъльэпкъым щыщу зым еІэзэу адрейм зи зэран езыгъэкІ, синтетикэм къыхэщІыкІа иджырей хущхьуэхэм. Хэбгъэзэныкъмэ, щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ щІэныгъэр зи лъабжьэ медицинэр узэхэм щыпэмыльэщыжхэм и деж удз зэмылІэужьыгъуэхэм къыщІагъэвыкІэжмрэ иризэхащІэ щыхуэнэхэмрэ а къалэныр зэрагъэзащІэм теухуауэ.

-Валерэ, удзхэм къыхэпщІыкІа хущхьуэхэмкІэ цІыхухэм уеІэзэным утегушхуэныр къыхэзыхІар сыт? - сеупщІащ сэ абы.

- Тхыльэ куэд седжащ медицинэм и Іыхьэ зэмылІэужьыгъуэхэм ятеухуауэ, ноби ахэр быдэу си щІэгъэкъуэнщ. Ауэ си Іэзэкіэм и кьежьэкІам ухуеймэ, псори си адэшхуэ Хьэжмэт и деж къыщыщидзауэ къызолъытэ. Ар Къэбэрдей псом щыцІэрыІуэ Іэзэт. Си адэ Тэзрэти мэзым, губгъуэм сыщыздишэкІа, абыхэм къыщыкІ къыщІэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр сигъэлъагъурт, дэтхэнэр сыт хуэдэ узым епхьэлІэ хъунуми къызгурІаІуэу. Куэд сигъэщІащ си адэм. ИтІанэ си Іыхьлхэм, си ныбжьэгъу-жэрэгъуэхэм чэнджащхэр есту щІэздзащ. Мис ар си къежьапІэ хъуауэ жыпІэ хъунущ.

- Сытхэм нэхъ уи Іэзэгъуэ хэлъ, Валерэ?

- Сэ зызопщыт гу лъынтхуэ, щхьэ, бгы (радикулит), лъатэ узхэм, кІэтІийхэр тэмэму гъэлэжьэным, нэгъуэщІ куэдми. Адэкіэ дыІэбэнщи, тхьэкІумэхэм ву макъ итмэ е дахэ-дахэу зэхамыхмэ, щхьэцыр икІмэ е къигъэкІэжьын хуеймэ, бэгъ хэмытІэсахэр гъэтІысыжьным, цІыхухъу узыфэхэм (простатит хуэдэхэм), бдзанэм (шын, гуэрэф), псыбафэ узым (фошыгъу диабетым), аллергием.

- Зэупщытыр хъарзынэщ, ауэ узэІэзэхэм сэбэп уахуэхъуфу къэплъытэрэ?

- Къэзмылъытэмэ, сылэжьэнтэкъым: сэ зыми сыхигъэзыхыыркъым. Ауэ плъэкІынумкІэ сымаджэм удэІэпыкъун хуейщ, уи Іэзэгъуэ хэлъмэ.

- Сэ къызэрызгурыІуэмкІэ, езы цІыхухэри зэгугъужьын хуейщ. Пэжкъэ, Валерэ?

- Ар Іэмал зимыІэщ. ЦІыхухэм хуэптха хущхьуэр тэмэму зримыхьэлІэмэ къикІын щыІэкъым. Илъэс миным щІигъу и пэкІэ къэхуауэ жьыхуаІэ мы Іэхэр сигу къоІыж. Аль-Абу-Фарадж и деж сымаджэ къыкІуат. Іэзакіуэм жеІэ: «Иджы дэ щы дохъури, текІуэнур зэпльатар мис а ещанэр зи лъэныкъуэ хъунуращ». КъэкІуам егъэщІагъуэ: «Ар дауэ? Дэ дызэрыхъур цІыхуитІщ, мы пэшым щІэсри уэрэ сэрэщ». Дохутырым идэркъым: «Хьэуэ, уэ узыр уи гъусэщ, уэрэ сэрэ дызэкъуэтмэ, мис а узым дыпэлъэщынущ, ауэ абырэ уэрэ фызэгухьэу фыкъыспэувмэ, фыкъыстекІуэнущ!» Абы къикІыр псом я дежкІи гурыІуэгъуэ си гугъэщ. Си лэжьыгъэм и гугъу пщІымэ, хэт и дежкІи ар зэІухащ, хэбгъэзыхьмэ, сызэІэзахэм я деж телефонкІэ сопсалъэри, я узыншагъэр зыхуэдэм сыщІоупщІэ. Си деж хэт хуейми къэпсалъэ хъунущ: 8-938-079-66-69 телефонымкІэ - ар зыми щызбзыщІыркъым. СызыщІэхъужу аракъым, ауэ къыскъуэмыварзэныу е уэим къыскъуищІу иджыри къэс зыри къэпсэльакъым.

- Валерэ, дэ дыщыгъуазэщ уэ Лъэпкъ библиотекэм, медколледжым, телевиденэм, радиом урагъэблагъэрэ уи Іэзэгкіэм, къэбгъэсэбэп хущхьуэхэм уэзэрагъэпсэлъыхьам. Мыгувэу уэрамхэм къыдэувэнущ зи пэм бэлътокуэхэр Іузылъхьэ цІыхухэр - губгъуэжьхапхъэм (амброзием) гъэгъэн щІедзэ. А къэкІыгъэм, гъэщІэгъуныращи, цІэ дахэ дыдэ иІэщ - латиныбзэкІэ «тхьэхэм я шхыныгъуэ» къикІыу араща. Абы теухуауэ сыт жыпІэфын?

- Аллергиер къэозытыр губгъуэжьхапхъэм и заохъуэкъым. Ар къыхэкІынкІэ хъунущ сытми: шхын зэмылІэужьыгъуэхэм, сабэм, нэгъуэщІхэми. Арщхьэкіэ, удзыжь зэмылІэужьыгъуэхэм къуаГъуэлІэ узхэр нэхъ гуащІэщ. Губгъуэжьхапхъэм игъэгуазэ цІыхухэр, а къэкІыгъэр гъэгъэн щІидзэу гъужьхуу, нэгъуэщІ щІыпІэхэм, псалъэм и хьэтыркІэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ хуэдэхэм щыІэщ. Дауи, ар зыхуэзфІэмыкІхэр нэхъыбжщ, ахъшэшхуэ токІуадэри. Илъэс къэс апхуэдэ бэлыхь зыбгъэхъужмэ нэхъыфІкъэ. Сэ апхуэдэ узыфэ зыпкърытым сыдэІэпыкъуфынущ.

Елсэлъар

ШАЛ Мухьэмэдщ.

«Кавказ джэгухэм» кІуэнухэр къыхах

Къэбэрдей-Балъкъэрым щокІуэкІ «Кавказ джэгухэм» я муниципальнэ зэпеуэхэр. НэхъыфІхэр къыщыхахащ Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Тэрч щІыналъэхэм, Бахьсэн къалэм.

- «КАВКАЗ джэгухэм» жыджэру хэтщ спортсмен щІэрыІуэхэри, спорт школхэм я гъэсэнхэри, зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэри, кьужажэ щІалэгъуэлэри, - жиІащ щІэблэм щІэныгъэ гуэдзэн егъэзэгъэтынымкІэ центрым и унафэщІым и къуэдзэ, «Кавказ джэгухэм» я муниципальнэ Іыхьэу районхэм щекІуэкІам и судья нэхъыщхьэ Ездэч Виктор.

Муниципальнэ зэхьэзэхуэхэм къызэщІаубыдэ Кавказ Ищхьэрэм и спортсменхэр щызэхьэзэхуэну спорт лІэужьыгъуэ псори: армспортыр, зэдзэжэр, шабзэкІэ уэныр, льэныр, кІапсэм дэпщеиныр, футбол цІыкІур, кІапсэкІэ зэпекъуныр, зэбзныныр. ЩІыналъэхэм щекІуэкІ зэпеуэхэм ехъулІэныгъэ щызыІэрызыгъэхьэхэр хьыхэнуц Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхам. Ар хэтынущ фокІадэм и 24 - 25-хэм Ингушым щекІуэкІыну, спортымрэ щэнхабзэкІэ VII фестивалым.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Гуфіэгъуэ зэхьыхьэм ирыраГъэхьэлІа гъэлъэгъуэныгъэр.

Зэпеуэу бгы нэкІум зезыпщытхэр.

Узыншагъэм гулъытэ хурагъэщІ

Республикэм и Іимамхэм я щІэныгъэм щыхагъахуэу дерсхэм хэту КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэмрэ Мусылъымэнхэм я дин Іуэхущ Іапі эмрэ къыззрагъэпэщащ инсультыр, инфарктыр, фошыгъу узыр къызыхэкІхэм, апхуэдэу узыфэ зэрыщІалэхэм зэрызаубгъум теухуа лекцэхэр.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Асанов Алим дерсым екІуалІэхэм защыхуигъэзэм, елъэІуащ езыхэр зыщагъэгъуазэ хьыбар щхьэпэхэр цІыхухэм я деж нэхьэсхьынымкІэ дэІэпыкъуэгъу къахуэхъуну. Абы къыхигъэщащ цІыхум и узыншагъэм, кьабзэу зэрызыкІэлъыплъыжьын хуейм теухуа Іэхуэхэм ислъам диным мыхьэнэшхуэ зэрыщІэр, абы и фІыгъэкіи узыфэ куэдым пэІащІэ зэрыхъу. «ЦІыхум и псэкупсэ узыншагъэм куэдкІэ елъытащ Іэпкъльэпкъым и щытыкІэр, - жиІащ Асановым. - Абы къыхэкІыу, цІыхухэм я деж Іэмал имыІэу нэхъэсыпхъэщ гъащІэ узыншагъэ зэрыраХьэкІынум и жыпхъэр».

Медицинэ профилактикэмкІэ республикэ центрым и упрофэщІ Хьэщхъуэжь Борис къыззригъэпэщри, Іимамхэм я узыншагъэр кьапщытащ: лъым хэлъ фошыгъур, холестеринэр зыхуэдизыр, гух,тьэмбыльм я лэжьэкІэр зрагъэщІащ. Дохутыр-нарколог ПащІэ Артур насвайр, кальяныр цІыхум и узыншагъэм зэран зэрыхуэхъум тепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Мусылъымэнхэм я дин Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым и къуэдзэ Емкъуж Андзор жиІащ мыпхуэдэ зэхьыхьэхэр щІэх-щІэхыурэ къыззрызрагъэпэщыну, Іимамхэм езыхэр здэщыІэ щІыпІэхэм щыпсэуэхэм я Узыншагъэм егупуу зэрыкІэлъыплъыжьхэм зэрыдрагъэкІуэкІынур.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Редактор нэхъыщхьэм и ипэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь

ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъаро Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеХу зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПІхьтІыкІ Аэзмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуэдэ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1106